Hospodár

„Ako ste si želali?"

Ako ste želali, pán?

Ako ste želali, pán? Ako ste želali, pán? Ako ste želali, pán?

f2.30 2451-ozdobné

Ako ste želali, pán?



f 2.90 1437-38

Ako ste želali, pán?

f 2.90 4807-01

Ako ste želali, pán?

f 2.90 9875-12

Ako ste želali, pán?

Bata

Die Tätowierungen der Polynesier — Die Tänze der Polynesier — Die Tänze der Polynesier

f 1.— . . . . . Preis

Die Tätowierungen der Polynesier

Die Tänze der Polynesier

Die Tänze der Polynesier

Die Tänze der Polynesier

Die Tänze der Polynesier

Die Tänze der Polynesier

VIII ᠵᠠᠭᠤᠨᠳᠤᠷ 1933 ᠣᠨᠳᠤᠷ 25 ᠳᠤᠷᠪᠠᠨ ᠳᠠᠪᠤᠨ ᠨᠢᠭᠡᠳᠦᠭᠡᠷ ᠣᠨᠳᠤᠷ : 24 ᠳᠤᠭᠠᠷ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ

ᠮᠣᠩᠭᠣᠯ ᠤᠨᠳᠤᠰᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ — ᠬᠡᠪᠯᠡᠯᠢᠨ ᠬᠤᠭᠤᠨ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯᠢᠨ ᠬᠤᠭᠤᠨ — 1743 ᠣᠨᠳᠤᠷ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ :

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯᠢᠨ ᠬᠤᠭᠤᠨ

f 1.50

ᠬᠣᠬᠣᠨᠣᠭᠤᠨᠤᠷ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠᠳᠤ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠬᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯᠢᠨ ᠬᠤᠭᠤᠨ

3 ᠳᠤᠭᠠᠷ ᠳᠤᠪᠤᠨ

ᨣᨾᨿᨾᨾᨿᨾᨾᨿᨾ

D.S.M. GALERY
TOKO (SU) LIMA POELOE SATOE
HARGA TANGGANAN

D. S. M.

MATA HARI

ᨀᨕᨗᨔᨗᨕᨗᨔᨗᨕᨗᨔᨗ

---

[1]) Serie No. 1037 . . . . . f 0.80

[illegible] (zuurstof) [illegible] bloeds-omloop [illegible]

[illegible] 16 [illegible] 5 [illegible]

[illegible] 5 à 10 [illegible]

[illegible]

[illegible]

(Ind. Arts.)

[illegible]

Ind. Arts.

ᠬᠣᠭᠣᠷᠢᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠ ᠨᠢᠭᠡᠳᠦᠭᠡᠷ ᠵᠠᠷᠯᠣᠭ

᠂ ᠬᠣᠭᠣᠷᠢᠨ ᠳᠤᠮᠳᠠ ᠨᠢᠭᠡᠳᠦᠭᠡᠷ ᠵᠠᠷᠯᠣᠭ

NGOBROL ING DINTEN SABTOE

Bab ngoeja-oeja bangsa Jahoedi.

Ing poengkasanipoen taoen 1932 poenika, ing Kadjawén sampoen angrembag sawatawis ing bab ada-ada énggal ingkang katindakaken déning pradja Duitschland, inggih poenika ingkang ing temboeng mantja dipoen wastani: „autarkie", tegesipoen: sadaja-sadaja ingkang dados kabetahanipoen baḍé dipoen wonteni oetawi dipoen saḍijani pijambak. Dados tjekakipoen pradja Duitschland waoe gaḍah ada-ada soemedya njantosakaken kaéconomieanipoen. Saking daja-dajanipoen moerih ada-ada waoe toemoentena saged kaleksanan, ing samangké kerep kapireng wartosipoen, bilih golongan ingkang sapoenika angoewaosi pradja, inggih poenika golonganipoen kaoem Nazi, sok wonten ingkang ladjeng sami keladoek tindakipoen, kadosta tindak sija toewin sawenang-wenang ḍateng golonganing bangsa, ingkang prasasat tanpa dosa, nanging ngemoengaken sabab toeroenanipoen bangsa..... Jahoedi.

Mila inggih kodjoer tigabelas toemraping tijang ingkang dipoen lairaken ing donja, sanadyan leres oetawi oetamia kados poenapa, nanging lairipoen waoe dilalah dipoen takdiraken dados anak — toeroenanipoen bangsa ingkang dipoen sengit oetawi bangsa ingkang asor, poenika salami-laminipoen inggih prasasat namoeng dados pangéwan-éwan kémawon. Kadosta oepaminipoen koela kémawon. Poenapa inggih lepat koela, déné koela dipoen lairaken wonten ing donja dados anak — toeroenipoen bangsa Indonésier, bangsa ingkang samangké saweg ginandjar asor. Langkoeng malih pétèntèngan oetawi gembèlèngan botena dipoen santlap sakemengipoen, saweg ngaken nama Indonésier kémawon meksa sampoen angsal ..... plérok benggala. Poenika boten sanès inggih djalaran ingkang anoeroenaken koela waoe kalebet bangsa ingkang saweg asor dradjatipoen.

Makaten oegi menggahing bangsa Jahoedi. Kala dipoen lairaken wonten ing donja poenika, poenapa inggih nanḍang kalepatan? Rak inggih boten, ta? Lepatipoen ngemoengaken sabab dilalah, dipoen lairaken wonten ing donja kémawon teka dados anak — toeroenipoen bangsa ingkang déning bangsa Europa oemoemipoen sinengit ingkang sasajahipoen, ngantos samangké kanjatahan kadosdéné tindakipoen kaoem Nazi ing Duitschland anggènipoen lampah sija lan sawenang-wenang ḍateng bangsa Jahoedi waoe.

Menggah woedjoeding tindak sija oetawi sawenang-wenang waoe mitoeroet pawartos ing serat-serat kabar, kadosta oepaminipoen: toko-tokonipoen tijang Jahoedi sami dipoen paṭaki, dipoen djarah sakadjeng-kadjengipoen, laré-laré anakipoen tijang Jahoedi, déning laré-laré anakipoen kaoem Nazi dipoen tjangéngongi, dipoen idoni lan sapitoeroetipoen. Tjekakipoen: tindakipoen kaoem Nazi ḍateng bangsa Jahoedi waoe tetéla sija lan sawenang-wenang sanget.

Djalaran ingkang makaten poenika, kabaripoen samangké pakempalanipoen bangsa Jahoedi, ingkang djiwanipoen soemebar ing saindenging djagad, inggih poenika ingkang oemoemipoen dipoen wastani kaoem Zionist, ngodjèl ḍateng pamaréntah Duitschland, soepados toemoentena dipoen enḍakaken tindakipoen kaoem Nazi ingkang sija makaten waoe.

Antawisipoen para maos temtoenipoen wonten ingkang pitakèn: sabab déning poenapa teka bangsa Jahoedi poenika dipoen sengit déning bangsa Europa oemoemipoen, poenapa malih sabab-sababipoen, déné pakempalanipoen bangsa Jahoedi waoe dipoen wastani kaoem Zionist. Moerih gamblangipoen ingriki kados preloe njarijosaken sawatawis babadipoen bangsa Jahoedi. Nanging inggih kanṭi tjekakan kémawon.

Kinten-kinten taoen 2300 sadèrèngipoen djaman Isa, ingkang kaseboet nabi Ibrahim, asal saking Mesopotamië, kaḍèrèkaken para sakabatipoen ngoengsi ḍateng Kenangan. Menggah poetranipoen nabi Ibrahim waoe kaṭah. Nanging ingkang katjarijosaken ingriki namoeng poetranipoen djaler kekalih, inggih poenika nabi Ismail, ingkang noeroenaken bangsa Arab, toewin nabi Ishak, inggih poenika ingkang amoetrakaken nabi Jakoeb. Inggih nabi Jakoeb poenika ingkang saladjengipoen noeroenaken tetijang bangsa Jahoedi.

Kinten-kinten taoen 1550 sadèrèngipoen djaman Isa, bangsa Jahoedi sami ngoengsi ḍateng nagari Mesir, nanging wonten ingrikoe salaminipoen tansah sinijasija déning pangagengipoen nagari ngrikoe, ingkang andjalari bangsa Jahoedi kairid déning nabi Moesa ontjad saking pradja Mesir, inggih ing wekdal poenika

ingkang katjarijosaken sirnanipoen radja Firngon sawadya-balanipoen kala amboedjeng nabi Moesa sasekabatipoen, ladjeng ketoengkeban ing toja saganten, ingkang samangké ladjeng kawastanan saganten abrit. [1])

Kinten-kinten taoen 1075 sadèrèngipoen djaman Isa, ingkang angratoni tetijang bangsa Jahoedi, poenika djedjoeloek praboe Saul, ingkang boten watawis dangoe ladjeng pasoelajan kalijan para pangadjenging agami. Ing woesana ingkang djoemeneng nata pandjenenganipoen nabi Dawoed. Inggih kala djamanipoen nabi Dawoed waoe moemboel-moemboelipoen bangsa Jahoedi. Kala samanten nagari Djaroesalam dipoen rebat déning bangsa Jahoedi, lan inggih ing kala poenika anggènipoen tetijang bangsa Jahoedi jasa kadaton wonten ing sapoetjaking redi anakan, ingkang sakalangkoeng éndah sarta santosa. Menggah namaning redi anakan waoe: Zion.



Sesawangan ing kita „Tel. Aviv" oetawi „Eropah Ketjil" ing Asia. 20 taoen ingkang kepengker panggènan poenika awoedjoed ara-ara, grija² dèrèng sapintena katahipoen. Wekdal samangké sampoen dados telengéng kaboedajan Palèstina.

Awit saking wontenipoen adeging karatonipoen tetijang bangsa Jahoedi wonten ing Zion, satemah antjas oetawi sedyanipoen tetijang Jahoedi badé mangsoelaken bangsanipoen dateng Zion (nagari Jahoedi) waoe, ladjeng kanamakaken: Zionisme. Déné tetijangipoen ingkang sami ngroedjoeki dateng antjas makaten poenika, kanamakaken kaoem Zionisten.

Amangsoeli tjarijos ingadjeng. Sasédanipoen nabi Dawoed, ingkang djoemeneng nata angratoni tetijang bangsa Jahoedi, djedjoeloek nabi Soeléman. Djamanipoen nabi Soeléman, pradjoerit Jahoedi saja dipoen santosakaken, lan kawontenanipoen padagangan dipoen adjengaken sanget. Langkoeng malih sang nata ladjeng dawoeh jasa pawijaran ingkang sakalangkoeng ageng.

Kotjapa sareng kinten-kinten antawising taoen 975 sadèrèngipoen djaman Isa, nagarinipoen bangsa Jahoedi petjah dados kalih, sarta ing woesana ladjeng kénging kateloekaken déning pradja Assyrijah. Nanging boten dangoe malih ladjeng gentos kendih déning pradja Babyl (Babylon), ingkang ladjeng angrerisak nagari Djaroesalam toewin ambesmi pawijaran ingkang ageng waoe. Tetijang Jahoedi katah ingkang sami dipoen predjaja, déné ingkang katjepeng gesang ladjeng sami kabojong dateng nagari Babyl.

Kinten-kinten ing taoen 538 sadèrèngipoen djaman Isa, pradja Babyl ladjeng kateloekaken déning karadjan Persi. Ingrikoe tetijang bangsa Jahoedi ladjeng sami angsal palilah wangsoel dateng nagarinipoen pijambak, inggih poenika ingkang dipoen wastani: Palèstina. Saladjengipoen bangsa Jahoedi ladjeng jasa pawijaran malih.

Kinten-kinten taoen 333 doemoeginipoen taoen 150 sadèrèngipoen djaman Isa, ingkang angratoni tetijang bangsa Jahoedi, pandjenenganipoen soeltan Iskandar Doelkarnèn (Alexander de Groote) toeroen-temoeroen. Sasampoenipoen taoen 150 sadèrèngipoen djaman Isa waoe, bangsa Jahoedi ladjeng oewal saking papréntahan Pèrsi, saha ladjeng mandiri pribadi. Nanging ing pradja ladjeng toewoeh pasoelajan, ingkang andjalari petjahing bangsa dados kalih golongan. Golongan ingkang satoenggal ladjeng angéjoeb neda pitoeloengan dateng karadjan Roem, ngantos kalampahan bangsa Jahoedi ladjeng kawengkoe ing nagari Roem (Italie).

Kinten-kinten ing taoen 40 sadèrèngipoen djaman Isa, ingkang djoemeneng nata angratoni tetijang bangsa Jahoedi, adjedjoeloek praboe Herodes, nanging nagarinipoen tetijang Jahoedi taksih kabawah ing Roem.

Katjarijos sareng kinten-kinten ing taoen 4 sadèrèngipoen djaman Isa, ing djagad ngantjik djaman éwah-éwahan, ingkang adamel gondjinging bawana. Awit inggih ing taoen poenika mijosipoen kangdjeng nabi Isa a.s. Saladjengipoen toewoeh agami énggal, inggih poenika agami Nasrani, ingkang boten dangoe ladjeng soemebar dateng tanah Europa. Makaten oegi bangsa Roem oegi ladjeng sami ngrasoek loemebet agami Nasrani waoe.

Kinten-kinten taoen 66 sasampoenipoen djaman Isa, ing sarèhning bangsa Jahoedi taksih ngroengkebi sanget dateng agaminpoen pijambak, ingkang béda kalijan agami Nasrani ingkang dipoen rasoek déning bangsa Roem waoe, satemah bangsa Jahoedi ladjeng ambaléla pados kamardikan.

Kinten-kinten taoen 70 sasampoenipoen djaman Isa, nagari Djaroesalam ladjeng kadamel karangabang déning

[1]) Moerih tjetanipoen moendoeta boekoe Sedjarah Doenia wedalan Balai Poestaka, Serie no. 456 wonten tigang boekoe, 1 boekoe regi f 2,—

pradjoerit ing Roem. Ing woesana tetijang bangsa Jahoedi ladjeng bibar saha boejar sapoeroeg-poeroeg, ngantos soemebar ing saindenging bawana, kados ingkang kasoemerepan ing samangké poenika.

Kados sampoen tjekap katerangan bab wontenipoen bangsa Jahoedi. Ingriki kados oegi preloe katjarijosaken, bilih agami Jahoedi poenika, inggih ingkang noentoeni oetawi miwiti pitados ḍateng Allah satoenggal. Malah wonten ingkang njarijosaken, bilih agami Nasrani poenika nélad agami Jahoedi.

Samangké njarijosaken poenapa sabab-sababipoen, déné tetijang bangsa Jahoedi teka dipoen sengiti sanget déning bangsa Europa oemoemipoen.

Ing sakawit sadjatosipoen namoeng saking gegajoetan prakawis agami. Nanging ing djaman materialisme poenika, tegesipoen djaman foeloes, ingkang tijangipoen sadjak soepé ḍateng kamanoengsanipoen, nanging sanḍoeng-djekloek namoeng: foeloes, sengitipoen ḍateng bangsa Jahoedi ingkang damel pajadan, inggih prakawis agami, nanging menggahing kabatosanipoen boten sanès inggih kadjawi foeloes.

Mitoeroet babadipoen, bangsa Jahoedi wiwit kinamakina tansah nanḍang prihatos djalaran gesangipoen tansah nanggel sangsara kémawon. Mila woesananipoen bangsa Jahoedi poenika ladjeng kaḍasaran wewatekan ngatos-atos menggah pandjagining gesangipoen. Dados sanadyan tetijang Jahoedi waoe soemebar ing tanah poendi-poendi, éwasamanten oemoemipoen sami manggih gesang sakétja, inggih djalaran saking pangatos-atosipoen waoe. Amila sawenèhing pradja ingkang ageng-ageng, bab lampahipoen économie kaṭah ingkang sami karegem wonten ing tanganipoen bangsa Jahoedi waoe. Kadosta ing: Rusland, Polen, poenapa déné ing Duitschland. Inggih ing tanah-tanah ngrikoe ingkang tetijangipoen boemi mandjing sanget sengitipoen ḍateng bangsa Jahoedi, oetawi ingkang misoewoer anggènipoen tansah ngoeja-oeja oetawi mitnah ḍateng bangsa Jahoedi.

Kadjawi poenika, tetijang Jahoedi wasis sanget nindakaken ḍateng pangoelahing pradja, ngantos kénging dipoen paribasakaken sadaja ingkang dados kekijataning donja, kaṭah ingkang sami ḍoemawah ing tanganing bangsa Jahoedi, kadosta: ingkang noewoehaken tatanan sociaal democratie (soesila ḍemen tata) ingkang samangké dipoen enoet pinten-pinten bangsa toewin golongan, poenika Sang Carl Marx, inggih toeroenan bangsa Jahoedi. Ingkang misoewoer kalangkoenganipoen bab panjepenging pradja, sang Rathenau, minister Duitschland kala djaman samanten, inggih toeroenanipoen bangsa Jahoedi. Bangsa radja arta, ingkang samangké prasasat anḍepani djagad, kadosta: sang Rotchild, Rosestein lan sasaminipoen, inggih toeroenipoen bangsa Jahoedi.

Nitik anḍaran inginggil, anggènipoen bangsa-bangsa sanès sadjakipoen sami tjemeri-tjeri ḍateng bangsa Jahoedi, poenika gagasan koela namoeng saking panastèn kémawon.

Mitoeroet anḍaran sadaja waoe, ladjeng katingal tjeṭa bilih wonten salah satoenggiling bangsa, ingkang santosa économienipoen, temtoe ladjeng dipoen panasi déning bangsa sanès, ingkang sakinten ketjonggah njembadani, oepaminipoen kados bangsa Jahoedi waoe. Nanging wonten senenging manah koela, déné mitoeroet pawartos ingkang kantoen pijambak poenika, pamaréntah Djerman sampoen paring ḍawoeh angawisi ḍateng kaoem Nazi nindakaken panganiaja ḍateng tetijang bangsa Jahoedi. Déné ingkang sami toemindak sawenang-wenang waoe, tampi pidananing nagari oetawi boten, poenika sanès pikiran koela.

Awit saking lelampahan ingkang makaten poenika, koela ladjeng wangsoel kèngetan ḍateng pepesṭening bangsa koela tetijang Indonésia, kala roemijan nalika taksih lemes, tegesipoen dèrèng gaḍah nijat njantosak-

Tetijang bangsa Jahoedi noedjoe sami wonten ing satjelakipoen pager tèmbok (djidar al mabka) satjelaking mesdjid al Oemar, ing Djaroesalam

aken économienipoen, angsal pangalembananing sakaṭahing bangsa, bilih bangsa Indonésia poenika satoenggiling bangsa ingkang aloes beboedènipoen, saé memanahanipoen, noeroetan lan sapitoeroetipoen; nanging samangké sareng saweg bribik-bribik baḍé andandosi moerih santosaning économienipoen, ing poendi-poendi sampoen sami pating brengok rebat seroe, ngelokaken bilih bangsa Indonésia poenika satoenggiling bangsa ingkang kosokwangsoeling pangalembana waoe.

Woesana doemoegi samanten obrolan poenika koela toetoep, kanṭi pangadjeng-adjeng, moegi kawitjaksanan miwah sih paramartaning Pamaréntah poenika anjambadanana ḍateng kawoelanipoen sadaja dalah poen

PENṬOEL.

KABAR WARNI-WARNI

PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.

TANAH NGRIKI.

Niti banderol. Wonten pawartos, poenggawa Nagari babagan padjeg sata, nindakaken paniti, angawisi tijang nèmplèkaken banderol ingkang aggèning nèmplèkaken gampil dipoen pendet.

Poenika dados tanda saksi bilih sampoen wonten tindak salingkoeh ing bab banderol.

Bena ing mangsa poenika. Ing mangsa poenika ngoengsoem bena, mitoeroet pawartos, kawontenanipoen bena waoe, ing Trenggalek bena saking lèpèn Ngasinan, toja ngantos mlangkah tanggoel, katah sabin ingkang keleban, sami risak. Grija ingkang karisakan, ing doesoen Toegoe 9. Nglongsor toewin Taloen 35, Ngasinan wetan 6. Kadjawi poenika taksih katah doesoen-doesoen ingkang keleban: ing Gending-Kraksaan, bena saking lèpèn wetan peken, katah grija ingkang kaekoem ing toja; ing Madioen, bena angelebi kita sawatawis, toewin kaboedidajan Redjoagoeng; ing Ponorogo, salaminipoen saweg sapisan poenika wonten bena ngantos ngelebi grija atoesan, ing kidoel toewin kilèn kita; ing Betawi oegi wonten bena, ngantos adamel kandeging lampahipoen sepoer.

Déné bena kémawon teka kados adjak-adjakan. Moegi kasangsaran sadaja waoe sageda angsal pitoeloengan toemoenten.

Pest ing Betawi. Sawenèhipoen kondektoer S. S. ing Betawi, ing grijanipoen pinanggih wonten tijang ngadjal djalaran sakit pès. Nanging menggah njatanipoen, tijang ingkang ngadjal waoe asli saking Pledang, Oedjoengbroeng, Bandoeng. Dados boten toewoehan ing Betawi.

Soekoer moegi tjoepeta samanten kémawon.

Tjatjahing insinjoer Jesasan Pradja. Ing salebetipoen taoen 1930, tjatjahing insinjoer ing Departement Jesasan Pradja wonten 118, ing taoen 1933 namoeng kantoen 69. Bokmanawi toemrap ing taoen 1934 boten badé éwah.

Manawi ngèngeti tjatjahing insinjoer samanten waoe, padamelan pradja poenika pantjèn katah. Dados soedaning tjatjahipoen waoe, inggih ateges soedaning poenapa-poenapanipoen.

Badé pados asil saking tlaga. Wonten pawartos, Provincialen raad Djawi Kilèn anggelengaken rembag badé nindakaken tjobèntjobèn, ngoedi saéning wedalipoen oelam ing tlaga Bagendit, bawah Garoet. Manawi kaleresan anggènipoen nindakaken, kinten-kinten ing saben taoen badé saged ngedalaken asil oelam 100 ton.

Wah, manawi saged kalampahan makaten, angsal-angsalanipoen badé boten baèn-baèn. Lan malih, tamtoenipoen bab poenika oegi badé mikantoeki dateng golongan nandap. Moegi makatena.

H. B. S. Taman Siswa Kediri. Taman Madya (H. B. S.) ing Kediri badé ngawontenaken tatanan mindah-mindah klas dateng sanès panggénan, oepaminipoen toemrap 5 oetawi 6 woelan manggèn ing Malang, ladjeng Soerabaja, Ngajogja, Bandoeng toewin Bali lan saladjengipoen. Déné bakoening H. B. S. tetep manggèn ing Kediri. Menggah kadjengipoen soepados para moeridipoen sami djembar wawasanipoen.

Ada-ada ingkang badé dipoen tindakaken poenika nama saweg katembèn, moegi wohipoen pinanggih saé, toewin sageda sampoen ngantos adamel kawrataning sadajanipoen.

Telegram H.B. P.P.P.P. A. Hoofdbestuur P(erkoempoelan) P(embasmian) P(erdagangan) P(erempoean) dan A(nak²) ing Ngajogja ngatoeri telegram dateng padoeka Pokroel Djèndral, Directeur Pangrèhpradja toewin toewan Wiranatakoesoema, soeraosipoen soepados nindakaken pepriksan ing bab prakawisipoen sawenèhing wedana ing Madoera, ingkang gadah tindak boten pantes dateng wanita tahanan.

Kreteg satjelakipoen Lemahabang Krawang ingkang laroet djalaran katradjang ing bena.

Djamanipoen sapoenika, tijang boten kénging gadah tindak sawenang-wenang, sanadyan gadaha pango waos pisan. Ewadéné inggih taksih wonten kémawon. Tjobi bab poenika karampoenganipoen badé kadospoendi.

Oeroenan ingkang dados awisan. Ing Pangkal-Pinang mentas wonten tijang 85 sami dipoen oekoem koendjara djalaran soeka oeroenan arta kanggé preloening P. I. ingkang dipoen awisi déning pokroel djendral. Kadjawi poenika taksih wonten tijang 9 sami warga P. I. ingkang oegi sami kaoekoem djalaran nglempakaken oeroenan ingkang kados makaten.

Pawartos kados makaten poenika tamtoenipoen ladjeng dados katja benggala.

Rantjangan damel toegoe pèngetan B.O. 25 taoen. Kawartosaken, hoofdbestuur B. O. masrahaken dateng Ir. Soekarna soepados adamel rantjangan gambar toegoe, minangka mèngeti adeging B. O. sampoen 25 taoen. Rantjangan waoe kinten-kinten rampoeng wonten ing woelan Mei.

Pèngetan kados makaten poenika tamtoe dipoen wigatosaken déning para néneman ing djaman sapoenika.

Badé nanem kadjeng obong. Pakarjan wana toewin Pangrèhpradja badé ngadani nanem bangsaning kadjeng nama Albizza moloecana, kadjeng waoe saged énggal ageng, badé adamel katahing kadjeng obong. Ing sapoenika saweg njebar widji, badé dipoen tandjakaken béndjing woelan October. Kadjeng waoe preloe badé dipoen tanem wonten ing papan ingkang sakinten awis kadjeng obong.

Pangoedi njekapaken kabetahan poenika wonten-wonten kémawon, lan wohipoen pantjèn migoenani jektos, makaten oegi asilipoen.

Laras ingkang sakétja. Mitoeroet pawartos, Pakarjan wana ing Indramajoe toewin Kadipatèn, Tjirebon, badé njoekakaken siti ingkang saé tjatjah éwon ha, dateng tijang siti ingrikoe, soepados kagarap. Déné ingkang minangka lintoe, pakarjan wana neda siti ingkang taksih bera. Saladjengipoen, tijangipoen badé dipoen pindah dateng papan ingkang sampoen dipoen soekakaken waoe.

Poenika larasipoen kok sakétja. Moegi sakétja jektos.

Pitoeloengan tetijang ingkang kasoesahan ing Mekah. Kawartosaken, wonten kapal 3 ingkang badé ngangkati tetijang minggah kadji ingkang kasangsaran wonten ing Mekah. Ingkang badé bidal saking Djedah sakawit, kapal Simaloer, kinten-kinten béndjing tanggal 9 Mei doemoegi ing poelo Roebiah, déné kapal ingkang kalih oegi toemoenten noesoel bidal. Kinten-kinten tetijang ingkang badé dipoen pitoeloengi wonten 1800.

Moegi kasembadana wiloedjeng doemoegi sarampoengipoen.

J. Kok kaoekoem 12 taoen. Raad van Justitie ing Soerabaja mentas ngrampoengi prakawisipoen pasakitan J. Kok, ingkang kadakwa medjahi tijang nama Njimris, ing Wlingi, djalaran saking boetarepan. Dakwa kaoekoem 12 taoen.

Lelampahan ingkang pinanggihipoen amanggih kasangsaran, adakan damel pidoewoeng ing wingking. Nanging nama sampoen kasèp.

Doerdjana gagrag énggal. Ing Soerabaja wonten doerdjana bangsa Tionghoa mawi dedamel pistoel, manawi neneda kanti peksa. Doerdjana waoe kakinten warganing pakempalan panganggoeran, ingkang abebadan tijang 15.

Sanadyan madjeng, manawi kados makaten waoe inggih boten ménginaken.

Volkscredietbank Tjilatjap kapitoenan f 30.000.—. Volkscredietbank ing Tjilatjap ing taoen 1932 nandang kapitoenan f 30.000.— Menggah djalaranipoen, kadjawi noenggak, inggih djalaran saking sakedikipoen tijang njamboet. Déné bab soedaning tijang njamboet, djalaran saking sabab warni-warni?

Sinten ing djaman sapoenika ingkang boten kapitoenan.

Margi sepoer ingkang risak, sampoen rampoeng. Karisakan margi sepoer ing Sadang sampoen rampoeng panggarapipoen, Toemrap Bandoeng — Poerwakarta — Tjirebon wongsal wangsoel sampoen kénging dipoen langkoengi, sarana pindah kréta sapisan, karisakanipoen pinanggih ing Tjiganéa. Pepalang margi tram Tjikampek — Tjilamaja sampoen kénging kasingkiraken. Saged oegi badé njoewak lampahing sepoer snel Betawi dateng Bandoeng sawatawis dinten, amargi mèh boten wonten tijang noempak.

Sepoer poenika manawi manggih pambengan, ladjeng ngisroehaken lampah. Nanging bab poenapa ingkang boten saged risak?

Bandjir ngobrakaken padjek. Mitoeroet pawartos, djalaran saking wontening bena ing Djawi Kilèn adamel karisakan, wonten reraosan bilih badé ngobrakaken padjeg.

Bebaja alam poenika manawi sampoen nempoeh sok ngantos ngéram-éramaken, saged damel karisakan, kapitoenan toewin sanèssanèsipoen. Malah manawi dipoen gagas, manawi pakabaran waoe jektos, ngantos kados kénging kanggé tjangkriman, inggih poenika: sing noeloengi kélangan, sing ditoeloeng ija kélangan.

Babagan salingkoeh. Beheerder tijang siti pagantosan ing Lawang, dipoen tjepeng djalaran mendet barang-barang mas sarana pangrisak, reregèn f 1100 —.

Pagantosan ing Pamekasan pinanggih wonten inten barlijan palsoe, reregèn f 3000.—.

Satoenggiling bangsa Menado poenggawa „Internatio" ing Semarang, njalingkoehaken arta f 136.000.—, katindakaken ing salebetipoen 5 taoen. Tjaraning salingkoeh sarana malsoe seratan.

Bokmanawi saweg oengsoem, ing 'poendi-poendi wonten salingkoehan. Poenika nama djaman tékad-tékadan.

Pamedal tanah ngriki. Mitoeroet pèngetan, ing taoen 1932 Borneo njadé lisah dateng Djepan, lisah limrah 395.197 ton, lisah motor toemrap kapal, 7.647 ton, lisah limrah toemrap kapal, 1.360 ton. Sadaja reregèn f 4.554.108.—.

Ragi loemajan.

Anggantoeng djalaran katjoewan. Ing Djati Boender, Tanah-Abang, Betawi wonten wanita sampoen pepatjangan kalijan awenèhing student, sampoen adjandji-djandjian. Nanging saking kadjenging tijang sepoehipoen, wanita waoe badé kaémah-émahaken angsal bangsa Arab. Woesana gandoel, ladjeng anggantoeng. Toedjoenipoen ladjeng kasoemerepan, saged ketoetoetan, wiloedjeng.

Pènget, bangsa sepoeh kedah ènget sampoen sok groesa-groesoe.

ASIA.

Ngedegaken bank énggal. Parepatan poelitiek Kidoel-Kilèn ing Canton anggelengaken rembag badé ngedegaken Bank wonten Kidoel-Kilèn, kadjengipoen kanggé anggampilaken ngedalaken wragad perang. Pawitaning bank waoe dipoen tetepaken 30 joeta. Provincie Kwantoeng oeroen 5 joeta, Min-kwai toewin Chuen-tinkwai oeroen njajoeta.

ÉROPA.

Tjaraning poelisi andjagi katentreman margi. Djalaran saking tansah wonten sabab-sabab babagan tetoempakan ing margi, poelisi-poelisi ing Berlijn wonten ingkang ambekta prabot anggambar sorot, soepados manawi wonten sabab poenapa-poenapa ladjeng saged manggih tanda-jektinipoen.

ស្ដេចកាន់ដាវ

ដោយ Rafaël Sabatini

: ១១ :

ដោយសារតែមានការសន្ទនាជាមួយ Lord Ashby ដ៏ជ្រៅ ដ៏ជិតស្និទ្ធ ដ៏ចម្លែកនេះ ដែលធ្វើឲ្យ

ᠬᠠᠪᠤᠷᠬᠠᠨ ᠤᠨ ᠴᠣᠬᠣᠯᠠᠭ᠎ᠠ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠣᠳᠣᠬᠢ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠴᠣᠬᠣᠯᠠᠭ᠎ᠠ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠣᠳᠣᠬᠢ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠴᠣᠬᠣᠯᠠᠭ᠎ᠠ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠣᠳᠣᠬᠢ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠴᠣᠬᠣᠯᠠᠭ᠎ᠠ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠣᠳᠣᠬᠢ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠴᠣᠬᠣᠯᠠᠭ᠎ᠠ ᠨᠢᠭᠡᠨᠳᠡ ᠪᠣᠯᠤᠭᠠᠳᠠᠭᠠᠨᠠ᠂ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠣᠳᠣᠬᠢ ᠨᠣᠮᠤᠨ ᠴᠣᠬᠣᠯᠠᠭ᠎ᠠ ᠪᠣᠯᠤ

[illegible]

[illegible] ॥

[illegible] ॥

[illegible] ॥

3



LAMPOE LILOR

(ꦭꦩ꧀ꦥꦺꦴꦲꦶꦭꦶꦭꦺꦴꦂ)

॥ꦲꦤꦺꦴꦤꦺꦴ — ꦲꦶꦤꦶꦏꦶꦤꦶ — ꦲꦤꦺꦴꦤꦺꦴ꧀꧈

॥ꦲꦤꦺꦴꦤꦺꦴꦤꦶꦏꦶꦤꦶꦲꦶꦤꦶꦏꦶꦤꦶꦲꦶꦤꦶꦏꦶꦤꦶꦲꦶ

[illegible]

I

[illegible]

[illegible] . . . . f 0.32

[illegible] . . . . . „ 0.60

II

[illegible]

[illegible]

[illegible] . . . . f 1.40

[illegible]

[illegible]

[illegible] . . . . . f 0.15